

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskrripsikeun déiksis éksoforis dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia. Dina ieu panalungtikan aya tilu rumusan masalah nu bisa dicindekeun, nyaéta sakabéh data déiksis éksoforis, wanda déiksis éksoforis, jeung ma'na déiksis éksoforis.

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran data dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan déiksis éksoforis dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia anu miboga 5 bagian carita, bisa dititénan saperti ieu di handap.

Tina hasil panalungtikan, kapaluruh jumlah data nyaéta 87 data déiksis éksoforis sarta frékuénsina aya 619 nu ngawujud, *abdi, aing, akang, apa, aranjeun, arjuna, asar, awéwé, ayeuna, babaturan, bapa, baréto, barudak ageung, barudak murid, biang, bibi, budak, budak ngora, budak rumaja, dewi sinta, dewi asri, dieu, dinya, dokter héwan, dosén, dubber, dulur, ema, ené, engké, engki, gatotkaca, gédéng permoni, geulis, gigireun, guru, gusti, handapeun, harita, hareupeun, hiji mangsa, ibu, indung, isukan, jajaka, jalu, jelema, juru kawih, kuring, lalaki, lanceuk, luareun, manusa, minggu hareupna, minggu payun, mojang, mundinglaya, murid, nembé, néng, nini, nyi dayang sumbi, pagéto, payuneunana, pejabat, penyanyi, peuting, putra, putri, radén arjuna, rama, réréncangan, saméméhna, sangkuriang, sarérea, sémah, sepuh, seniman, siswa, siswi, subadra, tadi, tamu, tukangeun, urang, uwa, jeung wengi.*

Dumasar kana wandana déiksis éksoforis, kabagi jadi 4 nyaéta déiksis persona, déiksis temporal, déiksis lokatif, jeung déiksis sosial. Hasil nu kapaluruh déiksis persona nyaéta aya 6 data, déiksis temporal nyaéta 15 data, déiksis lokatif nyaéta 8 data, sarta déiksis sosial nyaéta aya 58 data.

Dumasar kana ma'na déiksis éksoforis kabagi ogé jadi 4, nyaéta aya ma'na déiksis persona, ma'na déiksis temporal, ma'na déiksis lokatif, jeung ma'na déiksis sosial. Ma'na déiksis persona anu kapaluruh tina hasil panalungtikan aya 6 data, nu dibagi

deui jadi 1) ma'na jalma kahiji (J1) 4 data; sarta 2) ma'na jalma kadua (J2) 2 data. Ma'na déiksis temporal tina hasil panalungtikan aya 15 data, nu dibagi deui jadi 1) ma'na sapoé-sapeuting 8 data; 2) ma'na saminggu 2 data; 3) ma'na sataun 2 data; sarta 4) ma'na sawindu 3 data. Ma'na déiksis lokatif tina hasil panalungtikan aya 12 data, nu dibagi deui jadi 1) ma'na proksimal statis 6 data; 2) ma'na proksimal dinamis 3 data; 3) ma'na semi proksimal statis 1 data; sarta 4) ma'na semi proksimal dinamis 2 data. Pamungkas, Ma'na déiksis sosial tina hasil panalungtikan aya 59 data, nu dibagi deui jadi 1) ma'na pancakaki 13 data; 2) ma'na jabatan/kalungguhan 19 data; 3) ma'na sesebutan 19 data; sarta 4) ma'na pakasaban 8 data.

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan déiksis éksoforis, katitén yén déiksis nu panglobana dipaké dina novél téh nyaéta déiksis sosial 58 data, sabab dina ieu novél loba pisan tokoh-tokoh anu disebutkeun sacara henteu langsung, sedengkeun déiksis anu pangsaeutikna digunakeun nyaéta déiksis persona hususna dina ma'na jalma kadua, sabab dina déiksis persona henteu sakabéhna asup kana déiksis éksoforis jadi, ngan saeutik anu kapaluruhna.

Tapi lamun nilik kana frékuénsi pamakéanana, data déiksis persona jalma kahiji téh leuwih loba kapaluruh nyaéta aya 252 data. Sabab, dina ieu novél téh puseur sawanganna nyaéta jalma kahiji, ku kituna tangtu kecap gaganti pikeun jalma kahiji loba pisan kapaluruhna.

5.2 Implikasi

Sabada nganalisis déiksis éksoforis, wanda déiksis éksoforis, sarta ma'na déiksis éksoforis dina novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia, hasil panalungtikan anu kapaluruh téh bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan widang pragmatik hususna déiksis dina novél salaku wacana. Satuluyna ogé bisa dimangpaatkeun salaku sumber rujukan di paguron luhur, bisa dikomparasikeun jeung panalungtikan satuluyna, bisa dijadikeun bahan ajar basa Sunda sarta pikeun kahirupan sapopoé sangkan bisa ngajawab kabingung, kateujelasan jeung kasalahpahaman ngeunaan ma'na hiji ungkapan dina tuturan.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis jeung kacindekan nu didadarkeun di luhur, aya sababaraha rékoméndasi patali jeung ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan kabahasaan dina ragam tinulis, nyaéta dina karya sastra wangun novél nu medar déiksis éksoforis. Ku kituna dipiharep ayana panalungtikan dina ragam basa lisan sangkan leuwih katitén bébédaanana, sabab panalungtikan ngeunaan déiksis anu geus dilakukeun téh lolobana dina ragam tinulis.

Kadua, pikeun ngajembaran ngeunaan ulikan kabahasaan hususna kapragmatisan déiksis, dipiharep panalungtikan séjén leuwih dijembaran kana ulikan nu dipedar, sangkan teu ngan sawates déiksis éksoforis, wanda déiksis éksoforis, sarta ma'na déiksis éksoforis.

Katilu, sumber data nu digunakeun pikeun panalungtikan téh kawilang saeutik. Ku kituna perlu diayakeun panalungtikan séjén nu ngagunakeun sumber data anu leuwih réa sangkan data déiksis nu kapaluruh leuwih réa ogé.